

Vaksen COVID-19 pou Nouyòkè ki Gen Laj pou Ale Lekòl yo - Kesyon Moun Poze Souvan



Department of Health

Dènye Mizajou:

Vaksen COVID-19 pou Nouyòkè ki Gen Laj pou Ale Lekòl yo

Èske timoun yo reyèlman trape COVID-19?

Wi. Timoun yo ka trape viris ki lakòz COVID-19 la, menmjan yo transmèt li bay lòt moun tou. Menmjan ak granmoun, adolesan yo tou gen risk pou malad grav, entène lopital ak mouri akòz COVID-19 la, patikilyèman si yo pa vaksinen.

Ki risk pitit mwen ki pa vaksinen an genyen?

Moun ki pa vaksinen gen pi gwo risk enfeksyon ak maladi grav akòz COVID-19 la—ki gen ladan entène lopital ak lanmò—epi sa a se verite pou moun tout laj. Depatman Sante Eta New York la ankouraje tout Nouyòkè ki kalifye yo, ki gen ladan timoun ki gen laj pou ale lekòl ki gen 12 jiska 17 lane, pou yo pran vaksen an lepli vit posib pou yo ka pi byen pwoteje tèt yo, fanmi yo ak kominote yo kont viris sa a.

Ki sa ki COVID long lan, epi èske pitit mwen an gen risk?

Moun tout laj ki trape COVID-19 la ka gen risk pou genyen COVID long lan. Sentòm ki asosye ak COVID long lan ka varye anpil, soti nan sentòm kadyovaskilè tankou palpitasyon kè pou rive nan difikilte pou respire ak anpil fatig, epi li ka gen ladan difikilte pou konsantre oswa lòt sentòm sikolojik. Sentòm COVID long lan ka vini menm si premye maladi COVID la pa grav epi li ka dire pandan plizyè mwa oswa menm yon lane. Syantifik yo toujou ap travay pou konprann COVID long lan.

Pitit mwen an teste pozitif pou antikò COVID-19 ak/oswa COVID-19. Èske yo toujou bezwen vaksen an?

Wi! CDC rekòmande pou moun pran vaksen an menm si yo te deja gen COVID-19, paske yo ka enfekte plis pase yon fwa. Pandan pitit ou a ka gen kèk iminite akoutèm apre li fin geri nan COVID-19, nou pa konnen konbyen tan pwoteksyon sa a pral dire. Pran vaksen an se pi bon pwoteksyon, epi li san danje. Moun ki gen COVID-19 ka malad grav, epi gen moun ki gen sentòm feblès ki pèsiste pandan plizyè mwa.

Èske li pi bon pou pitit mwen an jwenn iminite natirèl kont COVID-19 la, olye iminite ki soti nan yon vaksen?

Non! Pandan pitit ou a ka gen kèk iminite akoutèm apre li fin geri nan COVID-19, nou pa konnen konbyen tan pwoteksyon sa a dire. Pran vaksen an se pi bon pwoteksyon, epi li san danje. Moun ki gen COVID-19 kapab malad grav, epi gen moun ki gen sentòm feblès ki pèsiste pandan plizyè mwa.

Sekirite, Efikasite ak Devlopman Vaksen

Ki vaksen ki disponib kounye a pou pitit mwen an ki gen 12 jiska 17 lane?

Nan moman sa a, vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la disponib kounye a pou timoun ki gen 12 jiska 17 lane.

Poukisa se sèlman vaksen Pfizer-BioNTech ki disponib pou adolesan ki gen 12 jiska 17 lane?

Lè FDA otorize pou itilizasyon ijans yon vaksen oswa yon medikaman, li dwe reponn ak nòm solid sekirite ak efikasite yo. Yo te premye otorize vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la pou itilizasyon ijans nan dat 11 Desanm 2020, pou bay moun ki gen 16 lane ak pi gran. Nan dat 10 me 2021, otorizasyon pou itilizasyon ijans sa a (EUA) te elaji pou mete ladan adolesan 12 jiska 15 lane. FDA a te jwenn vaksen Pfizer la satisfè kritè legal ki pèmèt FDA amande EUA yo a, yo jwenn avantaj yo konnen yo ak avantaj potansyèl vaksen an lakay moun ki gen 12 lane ak pi gran yo depase risk yo konnen yo ak risk potansyèl yo. Pou fè detèminasyon sa a, FDA a te etidye done sekirite ki disponib nan yon esè klinik kontinyèl randomize, plasebo kontwòle nan Etazini ki te gen ladan 2,260 patisipan ki gen 12 jiska 15 lane. Yo te swiv plis pase mwatye nan patisipan yo pou sekirite pandan omwen de (2) mwa apre dezyèm dòz la. Nan dat 23 dawout 2021, FDA a te anonse vaksen Pfizer-BioNTech la te konplètman apwouve pou prevansyon maladi COVID-19 la lakay moun ki gen 16 lane ak pi gran.

Lòt vaksen COVID-19 yo ka evantyèlman disponib pou adolesan yon fwa FDA detèmine yo satisfè nòm solid otorizasyon yo pou itilizasyon ijans oswa apwobasyon.

Ki efè segondè pitit mwen an ka genyen apre li fin pran vaksen an?

Pitit ou a ka pa remake okenn chanjman nan jan li santi l apre li fin pran vaksen an. Men, li posib tou pou santi w yon ti kras "pa byen". Sa ka rive apre *nenpòt* ki vaksen.

Apre vaksen COVID-19 la, pitit ou ka genyen:

- Doulè nan ponyèt kote li te pran piki a
- Tèt fè mal
- Frison
- Fyè
- Fatig
- Kèplen ak vomisman

Efè segondè sa yo *pa* danjere epi yo jis yon siy sistèm iminitè pitit ou a k ap fè travay li. Yo fasil pou trete avèk medikaman pou doulè san preskripsyon ak medikaman pou lafyè, epi anjeneral yo sèlman dire yon ti tan. Si pitit ou a toujou pa santi l byen apre de (2) oswa twa (3) jou, ou ka kontakte pwofesyonèl swen sante yo a.

Kòman vaksen an te fè devlope rapid konsa?

Gen anpil faktè ki konbine pou pèmèt vaksen COVID-19 la devlope rapid epi san danje.

- Chèchè yo te pran devan nan devlopman yon vaksen paske viris la ki lakòz COVID-19 la se menm ak lòt viris ki deja egziste yo.
- Rechèch sou nouvo viris la te pataje prèske imedyatman ak syantifik ki nan lemond antye, sa ki te pèmèt yo te kòmanse travay sou yon vaksen touswit.
- Gen kèk chèchè ki te kapab fè esè faz youn (1) ak faz de (2) a an menm tan.
- Etid sou COVID-19 la te gen ladan yon pi gwo kantite moun pase lòt esè vaksen resan yo, sa vle di te gen yon pi gwo kantite moun nan esè yo sou yon ti peryòd tan.
- Gouvènman federal la te pèmèt fabrikasyon vaksen ki pi asiran yo kòmanse pandan etid yo t ap kontinye. Sa vle di lè yo otorize li yo ka ofri l bay piblik la prèske imedyatman.

Èske vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la gen engredyan ki soti nan bèt?

Non! Vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la pa gen okenn pwodwi imen oswa bèt, konsèvasyon oswa stimilan epi li pa itilize engredyan ki gen orijin imen oswa bèt.

Kisa ki nan vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la?

Vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la gen ladan engredyan sa yo:

- mRNA: mRNA se pa viris la li menm. Vaksen mRNA yo (tankou vaksen Pfizer-BioNTech) montre kò ou kreye pwoteyin. Kò ou rekonèt pwoteyin sa yo epi pase alaksyon, nan fè antikò ki ede ou goumen kont viris la, ki rele yon repons iminitè. Li repwodwi menm repons iminitè ki fèt nan ka yon enfeksyon natirèl san reyèlman enfekte kò ou.
- Lipid: sibstans ki tankou grès ki pwoteje mRNA a epi ki bay yon eksteryè yon ti jan gra ki ede mRNA glise andedan selil yo. Lipid sa yo nan vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la: lipid ((4-hydroxybutyl (idwoksibitil) azanediyl(azanediil)bis(hexane(ekzan)-6,1-diyl(dil))bis(2-hexyldecanoate(eksildekanowat), 2 [(polyethylene glycol(glikol polietilèn) -2000] -N, N-ditetradecylacetamide(ditradesilasetamin), 1,2-Distearoyl(disteawol)-sn-glycero(glisewo)-3- phosphocholine(fosfokilin), ak kolestewòl), klori potasyòm, fosfat potasyòm monobazik, klori sodyòm, dibazik sodyòm fosfat diidrat ak sikwoz.
- Sèl: ede balanse asidite nan kò ou. Sèl sa yo nan vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la: klori potasyòm, fosfat potasyòm monobazik, klori sodyòm, ak dibazik sodyòm didrat fosfat.
- Sik: ede molekil yo kenbe fòm yo pandan y ap jele. Sik sa yo nan vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la: sikwoz (sik tab).

Pou yon senp vantilasyon engredyan ki nan vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la, gade [enfografi ki la a](#).

Alèji ak/oswa Siyale Efè Negatif

Ki moun ki pa dwe pran vaksen Pfizer-Biontech COVID-19 la?

Dapre FDA, moun pa ta dwe pran vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 si yo:

- te gen yon reyaksyon alèjik grav apre yon dòz vaksen sa a oparavan
- te gen yon reyaksyon alèjik grav ak nenpòt engredyan ki nan vaksen sa a.

Èske li posib pou pitit mwen an gen yon reyaksyon alèjik?

Gen yon chans fèb pou Vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la lakòz yon reyaksyon alèjik. Moun ka gen reyaksyon alèjik akòz nenpòt medikaman oswa pwodwi byolojik, ki gen ladan vaksen. Pifò reyaksyon alèjik yo rive yon ti tan apre yo fin bay yon vaksen, se poutèt sa Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Disease Control and Prevention, CDC) rekòmande pou yo obsève moun ki gen yon istwa anafilaksi (akòz nenpòt ki kòz) pandan 30 minit apre vaksinasyon an, pandan yo obsève tout lòt moun yo pandan 15 minit apre vaksinasyon an. Tout sant vaksinasyon yo dwe ekipe pou asire tretman medikal apwopriye ki disponib nan ka kote gen yon reyaksyon alèjik enpwobab. CDC rekòmande nenpòt moun ki gen yon alèji ak "nenpòt ki eleman" nan vaksen an, pou yo pa pran vaksen an.

Kijan siy reyaksyon alèjik grav yo parèt pou vaksen Pfizer Pfizer-BioNTech COVID-19 la?

Chans pou gen yon reyaksyon alèjik grav yo fèb. Reyaksyon alèjik grav anjeneral rive nan kèk minit apre w fin pran yon dòz vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19. Siy yon reyaksyon alèjik grav ka genyen ladan:

- Difikilte pou respire
- Figi w oswa gòj ou anfle

- Batman kè rapid
- Yon move gratèl sou tout kò w
- Toudisman ak feblès

Ki risk pitit mwen an genyen pou li gen myokadit ak perikadit akòz vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la?

Chans pou yon bagay konsa rive fèb anpil. Yo te siyale ka myokadit (enflamasyon misk kè a) ak perikadit (enflamasyon pawa deyò kè a) lakay adolesan ak jèn moun yo pi souvan apre yo fin resevwa dezyèm dòz la plis pase apre yo te fin resevwa premye dòz nan youn nan de (2) vaksen mRNA kont COVID-19 yo. **Rapò sa yo ra epi avantaj yo konnen yo ak avantaj potansyèl vaksen COVID-19 yo depase risk yo konnen yo ak risk potansyèl yo, ki gen ladan [risk posib pou fè myokadit oswa perikadit](#).** FDA a konseye w pou pale ak founisè vaksinasyon an sou pwoblèm medikal pitit ou a, ki gen ladan si pitit ou a te gen myokadit oswa perikadit nan pase li. Ou dwe ale wè yon doktè imedyatman si pitit ou a gen nenpòt nan sentòm sa yo aprè li fin resevwa Vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la:

- Doule nan lestomak
- Souf kout
- Sansasyon ou gen kè w k ap bat vit, palpitate oswa bat fò anpil

Èske gen lòt chwa disponib pou anpeche COVID-19 la lakay adolesan ki gen 12 jiska 17 lane anplis vaksen Pfizer-Biontech COVID-19 la?

Dapre FDA a, kounye a pa gen okenn vaksen altènatif ki otorize epi disponib pou prevansyon COVID-19 la. Lòt vaksen COVID-19 yo ka evantyèlman disponib pou adolesan yon fwa FDA detèmine yo satisfè nòm solid otorizasyon yo pou itilizasyon ijans oswa apwobasyon.

Edikasyon

Kisa ou ka fè pou ede lòt moun si oumenm ak pitit ou a deja pran vaksen an?

- Pataje istwa vaksen ou, ak istwa vaksen pitit ou a ak eksperyans ou avèk zanmi, fanmi, ak sou medya sosyal.
- Pale sou avantaj emosyonèl ak fizik ou menm ak pitit ou a ki pran vaksen an.
- Ede zanmi, fanmi, ak manm kominote yo gen aksè ak vaksen COVID-19 la nan ede yo jwenn yon sant vaksinasyon, pran yon randevou oswa mennen yo pran vaksen yo.
- Ede zanmi, fanmi ak manm kominote yo edike sou vaksen COVID-19 la nan koute kesyon yo epi pataje enfòmasyon yo – ou ka menm jwenn kesyon moun poze pi souvan ak enfòmasyon ou fè konfyans sou [Sitwèb New York la sou Vaksen COVID-19 la](#).

Resous pou Lekòl yo

Depatman Sante NYS la vle asire manm kominote lekòl la jwenn aksè nan resous sante piblik egzat epi ki enpòtan pou sipòte aprantisaj an pèsòn pandan pandemi COVID-19 la. Lyen ki anba yo gen ladan yo zouti, wèbinè ak lòt resous pou ede kominote lekòl yo nan planifikasyon pou retounen nan ansèyman an pèsòn san danje.

Resous Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ameriken an (Health and Human Services, HHS)

NYSDOH rekòmande lekòl yo pou yo swiv konsèy CDC ak depatman sante lokal la nan planifikasyon pou ansèyman an pèsòn.

[Zouti pou Rantre Lekòl la](#)

HHS ap mande chak distri lekòl Ozetazini pou òganize omwen yon (1) klinik vaksinasyon tanporè nan semèn k ap vini yo pandan elèv lekòl presegondè ak segondè yo ap retounen lekòl. Devlope pa HHS “We Can Do This” (Nou Ka Fè Sa), bwat zouti sa a gen materyèl pou lidè distri lekòl yo, pwofesè yo ak paran yo pou ede ogmante konfyans ak itilizasyon vaksen COVID-19 la nan kominote lekòl yo, reponn kesyon ak dekri konsèy lekòl la sou COVID-19 la.

[Kisa w dwe fè si yon Elèv Vin Malad oswa Siyale Lekòl la yon Nouvo Dyagnostik COVID-19](#)

Zouti pou pran desizyon sa a fèt pou ede enfòmè sou pwochen etap yo apre yon elèv vin malad oswa siyale lekòl la yon dyagnostik COVID-19.

[Lòt resous CDC sou vaksinasyon an pou edike kominote lekòl la](#)

Lòt Resous

[Bwat Zouti Tès Edikatif COVID-19 la](#)

Lekòl ak distri ki deside aplike tès depistaj ann akò avèk konsèy CDC yo kapab anmezi pou jwenn aksè ak sipò atravè depatman sante lokal la. Anplisdesa, zouti sa a Fondasyon Fanmi Shah devlope a fèt pou sipòte lidè lekòl yo nan mete ann aplikasyon tès depistaj woutin COVID-19 nan lekòl yo.

[Sis \(6\) Fason Lekòl yo Kapab Ankouraje Vaksinasyon Kont COVID-19 la](#)

Pou sipòte yon rantre lekòl san danje epi an sante, [Kolaborasyon Nan Kominikasyon Sante Piblik](#) (Public Health Communications Collaborative, PHCC) ak Kolektif sou COVID la te kreye yon resous yon sèl paj pou administratè lekòl yo, anseyan yo ak anplwaye ki gen resous CDC a te kreye oswa òganize yo.

[Wèbinè: Vaksinasyon Kont COVID-19 la ak Timoun: Reponn Kesyon Paran yo](#)

Wèbinè sa a se PHCC ki te devlope li pou pataje lide sou pi bon pratik ak estrateji pou kominike avèk paran ak fanmi yo sou vaksen COVID-19 la ak timoun yo.

[Repons pou Kesyon Difisil sou Sante Piblik](#)

Dokiman sa a se PHCC ki te devlope li pou bay konsèy ak ankadre mesaj pou ofisyèl sante piblik yo ak lòt moun, epi li ajou regilyèman pou reflekte nouvo devlopman ak pwoblèm emèjans yo.

Pou materyèl ki pare pou itilize ki gen ladan postè, pano siyalizasyon ak kat enfòmasyon yo ka itilize nan lekòl yo, pou evènman rantre lekòl la, ak pou lòt aktivite nan kominote a, ale sou **paj Byen Edikatif (Educational Assets)**.